

---

# Reyinyon Komite Siveyans Plan Prensipal Estratejik Roxbury

5 Avril 2021

# **1. RSMPOC**

## **Byenveni ak Oryantasyon**

# Anrejistreman Reyinyon


---

Sou demann manm yo nan kominote a, aktivite sa pral anrejistre sou paj entènèt Plan Prensipal Stratejik Roxbury nan [bit.ly/theRSMPOC](https://bit.ly/theRSMPOC) pou sila yo ki pa anmezi pou patisipe nan aktivite andirèk Zoom.


Egalman, li posib ke patisipan yo kapab anrejistre reyinyon an avèk telefòn kamera oswa lòt aparèy yo. Si ou pa vle yo anrejistre w pandan reyinyon an, tanpri fèmen mikwofòn ak kamera w.

Si kamera ak mikwofòn ou dezaktive, ou ka toujou patisipe atravè fonksyon chat pa tèks.

# Entèpretasyon ak Tradiksyon




“Panyòl” – pou Panyòl  
“Kreyòl Ayisyen” – pou Ayisyen  
“Angle” – pou Angle





# Konsèy sou Zoom

---


Byenveni! Men kèk konsèy sou fason pou itilize Zoom pou itilizatè premye fwa. Kontwòl ou yo anba ekran




Itilize chat la pou tape yon kòmantè oswa mande yon kesyon a nenpòt kilè –Manm yo nan BPDA ap modere chat la



Pou leve men w, klike sou “Patisipan” anba ekran w lan, e apreswa chwazi opsyon “Leve Men” nan kazyè patisipan an, oswa peze \*9 sou telefòn



Silans/reyaktifite – Patisipan yo ap rete an silans pandan prezantasyon an – prezantatè a pral reyaktifite w pandan diskisyon an si ou leve men w e se moman pa w pou pale. Pou silans/reyaktifite sou telefòn ou peze \*6.



Aktive/dezaktifite videyo w

# Pwotokòl Zoom

---

Nou vle asire ke konvèsasyon an se yon eksperyans agreyab pou tout patisipan yo.

- Tanpri rete an silans jiskaske yo rele w. Si ou ta renmen pale pandan tan sa a tanpri itilize fonksyon “Leve men” nan Zoom kidonk yon moderatè BPDA kapab reyaktifè son patisipan yo.
- Tanpri respekte tan chak moun.
- Nou mande pou patisipan yo limite kesyon yo kidonk lòt moun kapab patisipe nan diskisyon an. Si ou gen plis kesyon, tanpri rete tann jiskaske tout lòt moun kap patisipe yo gen yon opòtinite pou poze kesyon.
- Si nou pa anmezi pou reponn kesyon w nan reyinyon sa a tanpri mete yo nan Chat la nan fen an oswa imèl [Kelly.sherman@boston.gov](mailto:Kelly.sherman@boston.gov)

# Pwogram

---

- 1. Byenveni RSMPOC**
- 2. Mizajou Planifikasyon**
- 3. Rekòmandasyon Deziyasyon Komite Revizyon**  
**Pwojè: Teren 8**
- 4. Kòmantè ak Kesyon yo**
- 5. Vòt RSMPOC**

# Prezantasyon ak Mizajou RSMPOC

---

## *Premye Lendi nan Mwa*

11 Janvye 2021

1ye Fevriye 2021

1ye Mas 2021

5 Avril 2021

3 Me 2021

7 Jen 2021

12 Jiyè 2021

**\*\*Pa gen reyinyon nan mwa Out\*\***

13 Septanm 2021

4 Oktòb 2021

1ye Novanm 2021

**\*\* Pa gen reyinyon nan mwa Desanm\*\***



# Responsablite RSMPOC

---

- Komite Siveyans Plan Prensipal Roxbury (RSMPOC) te kreye nan 2004 alaswit yon Plan Prensipal Estratejik Roxbury (RSMP).
- RSMPOC reprezante lajman katye Roxbury e li gen ladan Majistra ki nonmen yo, nonmen pa eli ofisyèl yo, asosyasyon katye, ak òganizasyon kominotè yo.
- RSMPOC sipèvize enplemantasyon Plan Prensipal Estratejik Roxbury ak PLAN: Nubian Square.

# Antre. Angaje. Pran Aksyon.

---

- **Antre:** Antre nan Komite Siveyans Plan Prensipal Estratejik Roxbury, ak/oswa yon Komite Revizyon Pwojè (PRC).
- **Angaje:** Patisipe nan reyinyon piblik yo. Mande kesyon. Envite vwazen yo, gwoup sivik Roxbury ak òganizasyon yo, biznis, pwopriyete adjasan oswa lòt kominote afilye nan reyinyon piblik yo.
- **Pran Aksyon:** Revize aksyon ak kòmante sou pwojè yo, devlopman, ak inisyativ planifikasyon.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou reyinyon kap vini yo, pwojè devlopman ak kijan pou patisipe, vizite [bit.ly/theRSMPOC](https://bit.ly/theRSMPOC)

# Objektif Plan Prensipal Orijinal 2004



---

- Amelyore **Kilti lavi & sivik** nan katye a
- Ankouraje **kwansans divès & dirabilite** avèk djòb pou rezidan lokal yo
- Asire **transpòtasyon prive piblik nan yon fason ki ansekirite & pratik**
- Elaji & amelyore **lojman pou yon varyete** laj ak gwoup sosyo-ekonomik
- Kreye yon **domèn piblik konfòtab, antouzyas, ak ansekirite** ki montre divèsite rezidan lokal yo
- Amelyore **patisipasyon kominotè** ak **otonomizasyon** komite yo grasa a yon responsablite kwasan gouvènman, ak enstitisyon ak biznis yo

Sous: Plan Prensipal Estratejik Roxbury, p.4

## **2. Mizajou sou Planifikasyon**

# PLAN: Pwosesis Nubian Square jiska dat



# PLAN: Mizajou sou Nubian Square

---

- **Atelye Travay P3 nan dat 29 Mas** pou rapòte rezilta itilizasyon dezire ak endezirab epi entwodui sondaj re-devlopman.
- Si ou konnen nenpòt devlopè ki potansyèlman enterese nan devlope P3 tanpri imèl [morgan.e.mcdaniel@boston.gov](mailto:morgan.e.mcdaniel@boston.gov)
- Si ou gen kesyon ki pa t reponn pandan atelye travay la oswa panse tanpri imèl [Kelly.Sherman@boston.gov](mailto:Kelly.Sherman@boston.gov)

# PLAN: Mizajou Nubian Square

---

## PLAN: Total Teren Nubian Square

**Inite Total: 265**

**Inite ki gen revni limite: 204**

**Pousantaj Revni Limite: 76%**

**Itilizasyon Non Rezidansyèl (Pye Kare): 24,261**

# PLAN: Mizajou Nubian Square

---

## Devlopman Teren Piblik:

Inite ki gen revni limite: 993

Inite nan to Mache: 486

Inite Total: 1479

Pousantaj Revni Limite: 67%

Devlopman Non-Rezidansyèl:  
108,386 pye kare

## Devlopman Prive :

Inite ki gen revni limite: 289

Inite nan to Mache: 278

Inite Total: 567

Pousantaj Revni Limite : 51%

Devlopman Non-Rezidansyèl:  
68,595 pye kare

## Devlopman Total:

Inite ki gen revni limite : 1,282

Inite nan to Mache: 764

Inite Total: 2046

Pousantaj Revni Limite : 60%

Devlopman Non-Rezidansyèl:  
176,981 pye kare



# Tablo Nubian Square

---

Alavni nou pral mete enfòmasyon ajou sou Atik 80 devlopman nan PLAN:  
zòn Nubian Square nan Tablo Nubian Square

[bit.ly/PLANNubianMetricsDashboard](https://bit.ly/PLANNubianMetricsDashboard)

# Kalandriye PRC

- Apèl dòf pibliye: 27 Janvyè
- Mande nominasyon pou PRC bò kote otorite ki eli yo
- **Nominasyon PRC te pwolonje jiska 12 Avril** <http://bit.ly/CrescentPRC>
- Swivi avèk kandida ki enterese yo ak anons manm PRC yo jis nan fen mwa Avril
- Apèl dòf fèmen: 21 Avril

### **3. Rekòmandasyon Deziyasyon Komite Egzaminasyon Pwojè : Teren 8**

# Pwosesis RFP

---

- PLAN an: Pwosesis Nubian an te lanse nan 2016 pou gide pwosesis RFP pou 10 pwopriyete piblik.
- Angajman kominotè twazan ki ankou gen ladan atelye travay piblik, vizit a pye, ak ransableman kominotè nan fason pou pataje enfòmasyon, etabli yon vizyon pou lavni, ak mande opinyon kominote a.
- Objektif devlopman demann pwopozisyon RFP te kondwi pa bezwen kominote a, enkli lojman a bon mache, devlopman ekonomik, devlopman san deplasman, estanda bon travay, divèsite ak enklizyon, dirabilite, ak benefis kominotè adisyonèl.

# Pwosesis RFP

---

- Ajans Devlopman & Planifikasyon Boston, ansanm avèk RSMPOC, te òganize twa reyinyon kominotè nan ete 2019 pou devlope RFP pou teren Blair, Faktori Nawn, ak Teren 8.
- Pou chak reyinyon, yo te pibliye pwojè demann pwopozisyon yo anliy, e patisipan yo gen yon chans pou diskite kontni an ak eksprime chanjman yo swete wè. Yo te korije RFP yo pou montre kòmantè kominote a ak pataje l nan pwochen reyinyon an.
- Demann pwopozisyon an te pibliye nan Fevriye 2020 e repons devlopè yo te soumèt nan mwa Jen 2020.

# Manm Komite Egzaminasyon Pwojè yo

---

## Manm RSMPOC yo:

- Dorothea Jones
- Steven Godfrey
- Catherine Hardaway
- Marisa Luse
- Nefertiti Lawrence

## Rezidan Lokal ak Pwopriyetè Biznis yo:

- Armani White, Reclaim Roxbury
- Angela Williams Mitchell, Kowalisyon Travay Boston
- Lynnette Tyler, nonmen pa Reprezantan Eta  
Chynah Tyler
- Cheryl Straughter, pwopriyetè Restoran Soleil
- Charlotte Rice, Kowalisyon American City

# Pwosesis PRC

---

- PRC a te premye rankontre nan Mas 2020. Men, pwosesis PRC te sispann nan mitan mwa Mas an repons avèk pandemi COVID-19.
- Nan mwa Jiyè 2020, PRC te rekòmanse deliberasyon yo e yo te rankontre chak de semèn jiska Novanm 2020 pou yon total 11 reyinyon pou evalye Teren Blair ak pwopozisyon Faktori Nawn.
- Nan Janvyè 2021, PRC reyini ankò pou evalye pwopozisyon Teren 8. yo. Anplis pou analize pwopozisyon yo kont kritè evalyasyon an, PRC a te entèvyouve ekip devlopè yo ak òganize prezantasyon piblik yo sou pwopozisyon ak revize kòmantè piblik yo.

# Rekòmandasyon Teren 8

Yo te resevwa twa pwopozisyon pou Apèl dòf Teren 8 :

- Nouvo Kolaborasyon Iben
- NuGateway
- Nuba

**Yon majorite nan PRC rekòmande Nuba.**





# Nouvo Kolaborayson Iben

---

**PRC a te idantifye pwen fò ak feblès nan nouvo pwopozisyon Kolaborativ Iben an :**

## **Pwen fò:**

- **Devlopman Dirab:** Pwopozisyon an te pi adapte nan objektif dirabilite ak rezistans RFP yo. Pwopozisyon an kalifye pou LEED platinum ak reyalize estanda pasiv Haus.
- **Eksperyans Ekip Devlopman :** Patenarya ant nouvo Kolaborativ Iben, deziyen pou 40-50 Warren Street, ak Upton & Partners, yon konpayi ki gen anpil eksperyans avèk devlopman reyisi.
- **Divèsite ak Enklizyon :** Nouvo Kolaborativ Iben, antite devlopman, se yon MBE. Pwopozisyon an gen ladan yon konpayi konstriksyon MBE ak de komite konsiltatif MWBE.

## **Feblès:**

- **Konsèp Devlopman :** Byenke PRC te apresye ke pwogram devlopman an gen ladan yon melanj konpozan rezidansyèl ak komèsyal, konbinezon aksesibilite lojman lwaye pwopoze yo pa t reponn a kondisyon RFP pou  $\frac{1}{3}$  revni fèb,  $\frac{1}{3}$  revni modere, ak  $\frac{1}{3}$  mache.

# NuGateway

---

## PRC a te idantifye pwen fò ak feblès ki annaprè yo avèk pwopozisyon NuGateway:

### Pwen fò:

- **Konsèp Devlopman** : Melanj delvopman ekonomik ak lojman abòdab reponn a objektif PLAN: Nubian Square. Lojman ki te pwopoze a reponn avèk konbinezon ak aksesibilite melanj abòdabilite  $\frac{1}{3}$   $\frac{1}{3}$   $\frac{1}{3}$ .
- **Benefis Adisyonèl** : Pwopozisyon an gen ladan plis avantaj benefis kominotè adisyonèl. Devlopman an angaje nan \$300,000 pou chak ane pou dizan pou lwaye sibvansyone pou mache lokatè yo, sibvansyon atistik, sipò pou estaj pou bilding lokatè yo, ak pwogramasyon timoun yo.
- **Divèsite ak Enklizyon**: Youn nan de pwopriyetè antite devlopman se yon moun koulè. Pwopozisyon an gen ladan yon fon investisman kominotè \$100,000. Achitèk la se yon MBE, ak de konsiltan adisyonèl yo se MWBE yo.

### Feblès:

- **Pri devlopman ak Fonksyonman** : Bidjè devlopman ak fonksyonman ki enkli nan pwopozisyon an pa t konsidere posib pou pwojè ki te pwopoze a.

# Nuba

---

## PRC a te idantifye pwen fò ak feblès ki annaprè yo avèk pwopozisyon Nuba:

### Pwen fò:

- **Konsèp Devlopman:** Repatisyon lojman a bon mache depase kondisyon RFP yo, san inite lwaye nan to mache a.
- **Divèsite ak Enklizyon:** Pwopozisyon an gen ladan yon plan enklizyon ak divèsite konplè nan tout aspè yo nan devlopman.
- **Ekspryans Ekip Devlopman:** Dosye rbanica gen ladan Residence Inn ak Residences sou Melnea Cass Boulevard. NHPF a gen yon gwo pòtfèy bilding pou revni miks ak revni fèb pou plizyè fanmi.
- **Devlopman ak Pri Fonkyonman:** Devlopman ak bidjè fonksyonman te pifò nan twa pwopozisyon yo.

### Feblès:

- **Konsèp Devlopman :** Pwogram devlopman an sitou rezidansyèl, avèk sèlman espas lavant andetay pou sèt inite travay andirèk yo. Gen kèk manm PRC ki estime ke yon pwojè ki jenere plis devlopman ekonomik ta pi byen adapte pou bezwen aktyèl katye a.
- **Devlopman dirab:** Pwopozisyon an te yon ti jan reponn avèk objektif dirabilite ak rezistans, men pa nan nivo lòt pwopozisyon yo.

# Pwochen Etap yo

---

PRC a te konkli premye faz travay li, men pwosesis kominote a kontinye apati la.

- Komite Siveyans Plan Prensipal Estratejik Roxbury vote aswè a
- Deziyasyon Tantativ prim BPDA
- Devlopè a aplike pou apwobasyon yo, pèmi, ak sibvansyon piblik. Sa a gen ladan pwosesis revizyon devlopman Atik 80.
- Komite Siveyans Plan Prensipal Estratejik Roxbury ap kontinye kontwole chak pwojè nan yon kontèks katye ki pi laj.
- PRC a ap fè tranzisyon nan yon nouvo wòl kòm Gwoup konsiltatif Enpak la travay etwatman avèk anplwaye nan Vil la epi kontinye travay kòm yon kominote pou asire yon akò kolaboratif sou benefis piblik, bidjè, ak orè yo.

## **4. Kesyon ak Kòmantè yo**

## **5. Vòt RSMPOC**

# Vòt RSMPOC

---

**Kelly pral pran vèbalman yon apèl nominal pou chak manm  
RSMPOC apresa li pral konte vòt yo**

**Anèks**



# Imaj Tablet/Telefòn Afiche sou Ekran

